

MARYLAND STATE DEPARTMENT OF
EDUCATION

Akonplisman gen plis Empòtans

Nancy S. Grasmick
State Superintendent of schools

Martin O'Malley
Governor

Maryland State Department of Education
Division of Special Education/Early Intervention Services
200 W. Baltimore Street, Baltimore, MD 21201
www.marylandpublicschools.org

GID POU PARAN KONSĒNAN KESYON MOUN PI POZE SOU PLENT PWOSEDE GARANTI DWA MOUN EDIKASYON ESPESYAL

1. Kisa pwosédè plent sou zafè garanti dwa moun nan yé ?

Pwosédé plent sou zafè garanti dwa moun nan sé you plent fòmèl konsènan idantifikasyon, évalyasyon, plasman édikatif, oswa pwovizyon pou you édikasyon piblik apwopryé gratis ti chéri pou you étidyan ki gen you andikap osnon étidyan nou sispek ki gen you andikap, sa ka genyen kom rézilta you odisyon sou zafè garanti dwa moun.

2. Ki moun ki ka ranpli you plent sou zafè garanti dwa moun ?

You paran oswa you ajans piblik¹ ka ranpli you plent pwosédé sou zafè garanti dwa moun.

3. Kouman mwen ka ranpli you plent sou zafè garanti dwa moun ?

Nou pi pito ou ranpli plent lan sou zafè garanti dwa moun nan fason sa a : *Ou mande pou you fom plent pwosede garanti dwa moun reket pou medyasyon*, sepandan, nenpot reket a lekri ki genyen ladan tout enfomasyon ki mande pou ka komanse youp lent pwosede sou zafè garanti dwa moun. Fom sa a map pale a men kouman ou ka jwen li : wap rele nan telefon oswa wap ekri ajans piblik ki responsab pou edikasyon etidyan an ; Ofis Odision Administratif yo (Office of Administrative Hearings) 410-229-4281 ; oswa Depatman Edikasyon nan Leta Maryland Divizyon Edikasyon Espesyal/ paj Sevis Entevansyon Bone (Maryland State Department of Education's division of Special Education/Early Intervention Services) nan (410-767-7770) Fom nan disponib tou nan sit entenet yo pou Ofis Odision Administratif nan : www.oah.state.md.us epi tou nan Depatman Edikasyon pou Leta Maryland nan www.marylandpublicschools.org (alé nan Divizyon Edikasyon Espesyal alé nan paj Sevis Entevansyon Bonè, apre sa alé nan paj Branch plent envestigasyon ansanm ak zafè garanti dwa moun)

4. Ki koté pou mwen voyé plent pwosédé sou zafè garanti dwa moun?

Plent pwosede garanti dwa moun ou dwe voye li baya jans piblik la kote ki responsab pwogram edikatif etidyan an **epi tou** a Ofis Odisyon Administratif yo. Ou dwe voyé fom nan pa sevis lapost, sevis faks, oswa men nan la men. Ofis Odisyon Administratif yo pa pa asepte plent sou zafe dwa moun pa sevis kourye elektwonik ; Men adres Office of Administrative Hearings 11101 Gilroy Rd, Unit E/ Clerk's Office, Hunt Valley, MD 21031 ; nimewo faks la sé: 410- 229-4277. Depatman Edikasyon Leta Maryland pa voyé plent sou zafe dwa moun nan bay Ofis Odisyon Administratif yo oswa bay ajans piblik la.

¹ Tèm mo, ajans piblik, nan dokiman sa a refere a system lekol local yo oswa lot ajans piblik responsab pou pwovizyon you edikasyon apwoprye gratis ti cheri.

5. Ki limit tan yo bay pou you moun ranpli you plent pwosédé garanti dwa moun?

You plent sou zafé dwa moun dwé ranpli nan you espas (2) dé zan de dat ké ou té konnen, oswa dé dat ké ou té dwé konnen, sou aksyon yo fe akizasyon épi sé pou say o ranpli plent lan. Tan limit lan gen kek esepsyon; tanpri souplé voye jé gadé nan dokiman pwosédé sofgad yo ké ajans piblik la té ba ou pou enfomasyon an plis.

6. Anvan ke ou gen opotinité pou odisyon sou zafe garanti dwa moun, ki étap ki dwé franchi pou éséyé rézoud pwoblém nan?

Anvan ké ou gen opotinité pou you odisyon sou zafe garanti dwa moun gen you period rezolisyon ki se 30 jou. Peryod tan sa bay chans a ou epi ajans piblik la pou éséyé wè sin a rézoud dispit la. Ou menm oswa ajans piblik la ka tonbé dako ké nou vlé éséyé rézoud dispit la pa médyasyon osno ajans piblik la ka bay orè pou gen you ré-inyon rézolisyon, a mwens ké tou dé pati yo rénonse a ré-inyon an.

Pou plis enfomasyon konsenan pwosédé médyasyon, tanpri souplé fe référans a dokiman pwosédé sofgad yo, oswa *gid paran konsenan kesyon yo pozé pi plis konsenan medyasyon Edikasyon Espesyal*.

7. Kisa you ré-inyon rézolisyon yé?

Ré-inyon rezolisyon bay opòtinité a ou oswa ajans piblik la pou rezoud dezagrèman yo genyen anvan komansman odisyon sou zafe dwa moun pandan ké yap diskité prev (fe) ki sé baz osnon mote plent lan épi posib solisyon.

8. Ki es ki ka patisipe nan re-inyon rezolisyon an?

Sé ou menm ak ajans piblik la ki désidé ki es moun ki apwoprye ki ka asisté ré-inyon rézolisyon an. Ou menm, Manm gwoup IEP ki gen koneksyon avek ka a, épi tou you réprézantan ajans piblik la ki gen otorité pou pran désizyon dwé vini nan ré-inyon rézolisyon. Lot moun ki ka

patisipé ou ka gen ladan pitit ou, moun kap fe defans ou, oswa Avoka ou. Fok mwen di ou, si you avoka akonpayé-ou, avoka ajans lan dwé la prézan tou.

9. Eské sé mwen ki pou mandé Ré-inyon Rézolisyon an?

Non. Nenpot le you plent sou zafe garanti dwa moun ranpli pa you paran, ajans piblik la dwé fe aranjman pou you Ré-inyon Rézolisyon a mwens ké pati yo dako a lekri pou renonsé a Ré-inyon Rezolisyon an oswa pati yo dako pou éséyé rézoud dezagrémán yo pa medyasyon. Si ajans piblik la ranpli you plent sou zafe garanti dwa moun, Ré-inyon Rézolisyon an pa nésésè. Lè sé ajans piblik la ki ranpli you plent, Ré-inyon Rézolisyon an pa nésésè paské nou imajiné ajans piblik la deja éséyé pou rézoud dezagrémán an.

10. Kilè Ré-inyon Rézolisyon an dwé fèt?

Yo mandé ajans piblik la pou li fe r-inyon rezolisyon an nan you éspas (15) jou dé le ké yo té résévwa plent lan dé ou menm (a mwens ke plent lan ranpli tout kalifikasyon yo mandé yo pou you odyans (odisyon) ékspédyé ; al gadé nan kesyon #13). Si ajans piblik la pa fe ré-inyon an nan éspas (15) kenz jou dé le ké yo té résévwa plent lan oswa si yo pa vini patisipé nan ré-inyon an, ou gen dwa pou kontakté Ofis Odision Administratif yo di ke ou bezwen you odision sou zafe garanti dwa, tan limit lan komanse imédyatman.

11. Kisa kap rive si mwen pa vini nan Ré-inyon Rézolisyon an?

Si ajans piblik la pa ka jwenn patisipasyon ounan ré-inyon rézolisyon an, apré ké yo fe kek éfo rezonab, ajans piblik la ka mandé you jij ki étidyé lalwa pou réjété plent lan. Si yo jété plent lan, odision sou zafe garanti dwa moun konsenan you plent espesifik li pap fèt ankò.

12. Konbyen tan nou dwé pasé ap éséyé pou wè si na rézoud dézagréman an?

An jeneral, ou menm avek ajans piblik la gen (30) trant jou pou rezoud dezagrémán an. Sépandan si ou menm avek ajans piblik la dako keg en pwogrè ki fèt épi out a vlé pwolonjé tan an, ou gen pemisyon pou fe sa. Nan ka koté yo fe odision ekspédyé, ou menm ansanm ak ajans piblik la nou genyen sèt (7) jou pou éséyé rézoud dézagréman an.

13. Ki sa kap rive si nou pa rive antann noun an Re-inyon Rezolisyon an?

Si ou menm ansanm ak ajans piblik la pa rive a you rézolisyon, nou ka dakò pou pwolonjé peryod rézolisyon épi kontinyé pou we si na rive a you rézolisyon ki ka satisfè nou tou dé pati yo. Si tou le dé pati yo dako, nou ka éséyé rézoud dispit la pa mwayen médyasyon; oswa ou ka kontinyé avek odision sou zafe garanti dwa moun.

14. Kisa ka pral rive nan you odision sou zafe garanti dwa moun?

You jij ki soti nan Ofis Odisyon Administratif yo va fe you odisyon sou zafè garanti dwa moun li va pran prev nan men tou dé pati yo épi la pran you desizyon konsenan dispit la. Si ou ta bezwen enfòmasyon espèsifik konsenan pwosédé sou zafè garanti dwa moun avek dwa yo, tanpri souplé al gadé nan dokiman pwosede sof gad yo.

15. Eske map bezwen you avoka?

Non, sépandan, akòz gen you nati legal nan pwosédé a paran yo anpil fwa kon chaché you avoka pou réprezanté yo. Gen kek fwa moun yo kon vini nan odisyon an yo réprezanté pwop tèt yo.

Si ou ta bezwen you lis oganizasyon yo ki bay sevis legal gratis ti chéri oswa sévis pou you ti krazé kob, tanpri souplé fe référans a *Reket pou médyasyon ansan ak fom plent sou zafè garanti dwa moun nan*, Depatman Edikasyon Leta Maryland Divizyon Edikasyon Espesyal /Sevis Entevavansyon Bonè nan sit entènèt yon an: www.marylandpublicschools.org (Chwazi Divizyon yo, Edikasyon Espesyal Entevansyon Bone) Divisions, Special Education Early Intervention, apre sa chwazi (Envestigasyon plent épi branch garanti dwa) Complaint Investigation and Due Process Branch.

16. Ki tan limit pou odisyon garanti dwa moun?

Si ajans piblik la pa rézoud plent sou zafè garanti dwa moun nan a pwen ké ou satisfè, nan (30) trant jou ké ou résévwa plent lan (péryod rézolisyon), odisyon sou zafè garanti dwa a ka rivé. Jij Administratif ki étidyé lalwa a gen (45) karant senk jou dévan l pou li fè odisyon an épi tou pou li bay you désizyon final. Tan limit pou bay you désizyon ka pwolonjé si ou mandé sa oswa ajans piblik la mandé sa.

17. Ki sa yo mandé pou ka fè you odisyon ékspédyé épi kouman tan limit odisyon sou zafè garanti dwa a chanjé ?

Nan épok nou yé la a, si pitit ou pa anrejistré oswa nan you pwogram édikatif apwouvé, OSWA dispit la sé sou détèminasyon manifestasyon, oswa you chanjman nan plasman akòz fason moun nan aji sa fè yo ba li aksyon disiplinè , odisyon an dwé fèt nan you fason ekspédyé. Nan ka sa yo ré-inyon rézolisyon an dwé fet nan you espas (7) sèt jou dé le ké ajans piblik la résévwa nòt plent sou zafè garanti dwa moun ; odisyon an dwé fèt nan you espas dé (20) ven jou lékol dé rési plent lan ;épi desizyon an dwé fet pa pita ke (10) di jou lékol apré ké odisyon an té fini.

18. Kisa you odisyon anvan konferans ye?

You konférens anvan odisyon pa téléfon li fet pa Ofis Odisyon Administratif pou dikité détay dispit nan lidé pou détèminé ki vale jou ké yo bezwen pou odisyon an.

19. Kisa ki ka rive si mwen ta désidé wetiré plent sou zafe garanti dwa moun?

Ou ap bezwen voye you lèt ki siyen **épi wap di ke** ou vlé wetiré plent ou a Ofis Odision Administratif wap voyé l pa sévis la post, pa sevis faks, oswa men nan men, wap voyé l tou bay ajans piblik la pi vit ké posib. Nan let la ou ka ekri ladan tou rezon ki fe ou vlé wetiré plent .

20. Ou pa réponn tout késyon mwen yo. Ki koté pou malé chaché èd ?

Premyeman, alé nan dokiman pwsédé sofgad yo ké ajans piblik la té bay ou kek tan anvan sa. Lèt késyon ké ou ka genyen gen posibilite pou palé sou sa ansanm ak pèsonèl ki apwopryé nan ajans piblik la ki réponsab pou édikasyon étidyan an, Sikse pou Patnè yo osnon Sant Sevis sipò sèvis fanmi (Partners for Success or Family Support Services Center), Dépatman Edikasyon Leta Maryland Ofis Sèvis sipò fanmi (the Maryland State Department of Education' family Support Services Office) nan niméwo sa a : (410-767-0267 oswa rélé : 1-800-535-0182, ékstansyon 0267), oswa rélé Ofis Klèk Ofis Odision Administratif yo (Office of Administrative Hearings' Clerk 's Office) nan niméwo sa a : (410-229-4281) M' pansé ké ou ka byen vlé konsilté youn nan òganizasyon sa yo ki bay asistans pou you ti kras kòb osnon gratis ti chéri, yoédé moun nan bagay ki gen pou wè avèk édikasyon espésyal (genyen you lis òganizasyon sa yo ki kolé ansanm ak *fòm Rekèt pou médyasyon ansanm ak plent sou zafè garanti dwa moun*).

Dépans ki fèt nan ka sa yo sé Dépatman Edikasyon Eta Maryland, Divizyon Edikasyon Espesyal/Sevis Intèvansyon Bonè ki soti nan IDEA pati B kado # H027A070035A, Depatman Edikasyon Etazini, Ofis Edikasyon Espesyal ansanm ak sévis réyabilitasyon. Nenpòt sa ki eksprimé la a pa nésèsèman tonbé dakò ak sa ké Depatman Etazini oswa nenpòt lòt ajans federal ta gen nan tèt yo. Divizyon Edikasyon Espesyal/ Sévis Entèvansyon Bonè résévwa lajan yo nan men Ofis Pwogram Edikasyon Espésyal, Ofis Edikasyon Espésyal ansanm ak sévis réyabilitasyon yo, Depatman Edikasyon Etazini. Fòk nou di ou ké enfòmasyon an pa gen baboukèt nan bouch, sa vlé di moun ki li enfòmasyon sa yo, lib é libè pou fé kopi épi pou séparé kopi yo ak moun ou vlé, you sél bagay map mandé, tanpri souplé fè konnen ké enfòmasyon an soti nan Divizyon Edikasyon Espesyal/ Sevis Intèvansyon Bonè, Dépatman Edikasyon Leta Maryland.

Dépatman Edikasyon nan Leta Maryland pa fè diskriminasyon sou ras moun, sou koulè moun, sou seks moun, sou laj moun, sou orijin Nasyonal moun, sou relijyon moun, oswa sou andikap moun si yap chaché travay nou pa gen diskriminasyon tou nan bay enfòmasyon a pwogram aksè yo. Si ou ta bezwen konnen kèk bagay konsènan polis depatman an osnon régleman yo, tanpri souplé kontakté Branch aplikasyon Asirans ansanm ak Ekité (Equity Assurance and Compliance Branch) pa mwayen téléfòn nan : (410) 767-0433 osnon pa sèvis faks nan (410) 767 0431. Sé sa lalwa Ak Ameriken yo ki gen Andikap (ADA) dokiman sa a disponib nan fòm altènatif si gen moun ki fè déman. Kontakté Divizyon Edikasyon Espésyal / Sévis Entèvansyon Bonè, Depatman Edikasyon pou Leta Maryland nan téléfòn (410) 767 0858, osnon pa sèvis faks nan : (410) 333 1571